# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–09 जनवरी 2026 भोजपुरी समाचार

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह लखनऊ के सरोजिनी नगर क्षेत्र में आजु अशोक लेलैंड इलेक्ट्रिक वाहन–ईवी करखाना क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर अपने संबोधन में रक्षा मंत्री कहलें कि रक्षा क्षेत्र, रक्षा उत्पादन के क्षेत्र में आत्मनिर्भन बनले के दिसा में आगे बढ़ि रहल हौ आ येह समय देस एक दसमलव पांच लाख करोड़ रूपिया से बेसी क रक्षा उत्पादन क खरीदि कइल रहल हौ। श्री सिंह कहलें कि उत्तर प्रदेस आजु विकास क पर्याय बनि चुकल बा।

**अब उत्तर प्रदेश को एक ऐसा राज्य बनाया जा रहा है जहां सेना के लिए साजो सामान बड़े पैमाने पर बनेंगे। साथियों, सरकार का लक्ष्य है कि अगले पांच साल में यहां हजारों करोड़ रुपये के नये काम आएं, नया निवेश हो और हमारे लाखों की संख्या में नौजवानों को रोजगार का अवसर भी मिले।**

ये मौका पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि उत्तर प्रदेस न खाली देस बलुक दुनिया के हर एक इन्वेस्टर क पसंद बनि चुकल बा।

**पिछले पांच वर्षों से उत्तर प्रदेश देश के उन राज्यों में है जो रेवेन्यू सरप्लस स्टेट के रूप में अपने आपको स्थापित किया है। ये तब हुआ है जब आदरणीय प्रधानमंत्री जी का मार्गदर्शन और नेतृत्व है। हमारे केंद्रीय नेतृत्व का निरंतर मार्गदर्शन उत्तर प्रदेश को प्राप्त होता है।**

कार्यक्रम में केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी आ एचडी कुमार स्वामियो भी मौजूद रहलें।

**********

सरकार कहले हवे कि किफायती आ मध्यम आय वर्ग के आवास बदे बिसेस योजना–स्वामी निवेश निधि छत्तीस हजार से बेसी कुसल आ अकुसल रोजिगार सृजित कइले हवे। मत्रांलय कहले हवे कि येह निधि से देस भर में एक सौ सत्ताइस परियोजनन में सैंतीस हजार चारि सौ करोड़ रुपिया से बेसी के पूंजी क निवेस भइल हौ, जेह में नौ करोड़ वर्ग फुट से बेसी क्षेत्र विकास के अधीन बा। स्वामी पहल के नवंबर, दुई हजार ओन्नइस में सुरू कइल गइल रहे।

**********

कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही आजु अजोध्या में मीडिया से बतियावत कहलें कि विकसित भारत–जी–राम–जी कानून में सरकार की ओरि से एक सौ पचीस दिन क रोजिगार क गारंटी दीहल जाई ओही पहिले मनरेगा में सौ दिन क रोजिगार क गारंटी रहल। उहां के कहलीं कि जी–राम–जी कानून से ग्रामीण इलाकन में रोजिगार आ विकास के नया दिसा मिली।

**********

सक्रिय सुशासन आ योजनन के समय से कार्यान्वयन बदे प्रधानमंत्री क प्रमुख तंत्र 'प्रगति' अपने पचासवां बइठकी के साथे खास उपलब्धि हासिल कइले हौ। प्रगति फैसिला लिहले क प्रक्रिया के तेज कइले आ प्रमुख अवसंरचना परियोजनन में देरी क कारण बने वाले मुद्दन के समाधान में सहायता कइले हौ। आजु येह खास श्रृंखला में हमनी के प्रगति के अन्तर्गत समीक्षा कइल गइल विद्युत क्षेत्र के परियोजनन पर चरचा करबि।

***प्रगति के बहुस्तरीय तंत्र के तहत दस लाख तिरपन हजार करोड़ रूपये लागत वाली दो सौ सैंतीस बिजली परियोजनाओं की विभिन्न स्तरों पर समीक्षा की गयी है, जिनमें से कई परियोजनाएं अब चालू हो चुकी हैं। प्रधानमंत्री स्तर पर चार लाख बारह हजार करोड़ रूपये की लागत वाली कुल तिरपन बिजली परियोजनाओं की समीक्षा की गयी। इन तिरपन परियोजनाओं में सत्ताईस ट्रांसमिशन, चौदह ताप विद्युत, नौ जल विद्युत और तीन कोयला खनन परियोजनाएं शामिल है। इनमें से तीन लाख करोड़ रूपये की लागत वाली तैंतालीस विलम्बित परियोजनाएं अब चालू हो चुकी हैं, जबकि शेष परियोजनाएं भी कमिशन के उन्नत चरण में हैं। पल्लवी परमार और सुपर्णा सैकिया के साथ अक्षित वैद्यान आकाशवाणी समाचार दिल्ली।***

**********

सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव अउर सूचना आ प्रसारण राज्यमंत्री डॉ. एल. मुरुगन आजु नई दिल्ली में क्रिएटर्स कॉर्नर क सुभारम्भ कइलें। प्रसार भारती के ओरि से सुरू कइल गइल येह पहल क उद्देस्य डिजिटल प्लेटफॉर्म पर रचनात्मक सामग्री के परदरसित कइल आ एके बढ़ावा दीहल हौ। कार्यक्रम के सम्बोधित करत श्री वैष्णव कहलें कि सरकार क लक्ष्य एक करोड़ नौजवानन के अर्थव्यवस्था से जोड़ल हौ।

**********

वाराणसी में चलि रहल बहत्तरवां नेशनल सीनियर वॉलीबॉल प्रतियोगिता में आजु ऊर्जा मंत्री ए के शर्मा सामिल भइलें। पूर्वांचल में पहिली बेरि एतना बड़हन राष्ट्रीय खेलि के आयोजन पर खुसी जतावत उहां के प्रदेस के महिला टीमि क हौसिला बढ़वलीं। श्री शर्मा कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के काशी क सांसद बनले के बादे वाराणसी में खेलिन के बढ़ावा दिहले के योजनन में ढेरे बढ़ोत्तरी भइल हौ।

**********

प्रदेस में चलि रहल कड़ेर ठंडी आ कुहेसा के बिच्चे अजुओ कुछु जिलन में दिन में निकरल हल्लुकाहे घाम लोगिन के कुछु राहति दिहलस। मौसम विभाग अगिला दुइ दिन में अधिकतम आ न्यूनतम तापमान में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस के बढ़ोत्तरी क सम्भावना जतवले हौ। एकरे बादे तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के गिरावटो क सम्भावना बा। विभाग के मोताबिक येह दौरान मौसम सुस्क रही।

**********